

Palòtbò Gran Oseyan an



Mwen kanpe bò kote papa m lè yo jete lank bato a nan lanmè a. Yon bèl syèl ble anlè tèt nou, van an pran vwal la, e bato a kòmanse ap deplase. Papa mwen tap voye men babay bay zanmi kite rete sou **rivaj** la. Mwen voye je m mwen wè gwo lanmè a devan mwen. Li sanble l san bout. Nou ta pral travèse gwo lanmè sa a nan yon bato pou n ale yon lòt kote nou pat konnen.

Bato a te chaje ak **Pèleren**, ozanviwon yon **santèn**, papa m di : " Tout moun sipoze gen **efè pèsònèl** yo e ak tout sa yo pral bezwen lè nou rive kote nou prale a tankou, zouti pou bati kay, zouti pou plante, fizi pou ale lachas, manje, mèb, rad, liv, enpe kalòj poul, de chyen e yon chat jòn."

Premye jou sou bato a pat pi mal sòf te gen van. Mwen te kanpe sou platfòm bato a e tap gade **matlo** a ki ap fè manèv. Mwen di: "Ala yon bèl vi se lavi yon matlo. Mwen ta renmen vini youn." Yon jou te gen anpil niyaj nan syèl la. Zwazo nwa yo te ansèkle bato a. Mwen tande matlo bato a di: "Gen yon move tan kap vini."

Vwayaj la te difisil. Li te fè frèt, Move tan rive, tout moun mouye. Gwo lanm lanmè a tap frape bato a, epi te gen gwo van. Bato nou an te prèt pou l kraze, li gen anpil twou. Manman m, ti frè m ak anpil moun te gen **maldemè**.

Lè move tan an pase, moun ale nan platfòm nan pou yo seche rad yo. Pat genyen anpil bagay ou te ka fè, sinon manje vyann kochon sale ak pwa, pen, detire janm ou yo, epi tou dòmi.

Pandan yon move tan, yon jou yon mesye tonbe nan lanmè a. Matlo a te voye yon kòd ba li e ba l men. Li te sove li **mirakilezman**. Move tan sou move tan, tout pèleren t ap mande si pou yo kontinye vwayaj la. Yo diskite pandan de jou ak kapitèn bato a.

Sis semèm pase, nou pa janm wè latè. Nou te vin pa genyen manje sèlman biswit rasi ak fwomaj. Ti frè m nan vin malad ak anpil lòt moun. Gen moun ki te kòmanse ap mande poukisa yo te kite kay yo pou yo vin pase mizè sa a. Mwen menm tap poze keksyon sa a tou, "poukisa?" Papa m reponn pou li di : "Nou bezwen yon kote pou nou ka lapriyè Bondye san nou pa genyen **pèsekisyon**. Mwen sèten n ap jwenn kote sa a. Pa pèdi espwa!"

Uit semèn, nèf semèn. Yon bon jou nou pran sant tè. Nou te kontan, nou wè zwazo. Tout moun mete jenou yo atè. Papa mwen fè priyè pou l remèsye Bondje. Vwayaj la te rive nan fen li.

Bato a jete lank nan yon **bè** ki te antoure ak tè. Sab la te jòn, te genyen kèk pye bwa e te gen gwo silans. Mwen t ap poze tèt mwen keksyon. "Ki sa ki dèyè pye bwa sa yo? Èske n ap jwenn manje ak dlo? Yon kote pou nou abrite n? Kisa k ap rete tann nou nan nouvo kote sa a?"

Mesye yo te pati alarechèch tout jounen an. Li te byen ta lè yo resi retounen. Yo di nou sa yo te wè tankou, **forè**, mòn sab, **marekaj**, **letan** ak tè nwa. Men yo pa t wè kay, bèt sovaj ak moun.

Manman te ale lave rad nou te mete pandan vwayaj la e mwen menn ak frè m, nou te ale kouri bò **rivaj** la. Nou t ap gade bèt ki nan dlo a. Se konsa nou te jwenn lanbi, zuit, pwason. Se te premye fwa nou manje manje kuit e ki te frèch depi de mwa. Mwen si tèlman manje, mwen te vin malad.

Jou apre jou, mesye yo ak papa m vin bati yon ajoupa pou nou rete. Anplasman an te bèl, anlè yon tèt mòn. Nou te ka fè plantasyon. Yon ti tan apre yon move sezon fredri antre sou nou. Anpil pèleren malad. Mwatye nan yo pa t viv.

Yon maten nan mwa mas pandan mwen tap sanble bwa pou mwen fè dife, mwen tande yon bwi. Lè mwen gade anlè, mwen wè zwazo ki tap chante sou pye bwa yo. Se te sezon prentan ki t ap rive.

Endyen yo vin kote n rete a ak chèf yo. Yo pale menm lang ak nou edi nou “Byenveni.” Yo montre nou kijan pou n peche pwason ak nas, ki jan pou n plante mayi. Konsa nou te ka gen manje pou lè sezon fredri a retounen ankò. Papa m netwaye e laboure tè a. Nou plante ble, pwa, e tout **semans** nou te pote tankou kawòt, chou, zonyon. Manman m te plante li menm pès, kamomin ak mant.

Yon maten nan mwa avril, nou wè bato nou an ki tap retounen nan peyi kote n soti a. Dlo te kouri nan je m, mwen te gen lapenn. Kounye a nou pou kont nou nan nouvo tè a. Apre sa, mwen gade vilaj nou an ak rekòt nou yo. Mwen santi mwen fyè. Nou te fè anpil travay e nou gen anpil lòt travay pou n fè. Ak men papa m sou zepòl mwen, nou mache retounen al nan nouvo kay nou an.

Aktivite

Diskite mo vokabilè yo ak elèv yo anvan lekti istwa a.

Rivaj – pèleren – efè pèsònèl – matlo – maldemè – Mirakilezman – pèkisyon – bè – forè – marekaj – letan - semans

Mwen Konprann tèsk la

1. Kijan ou panse ti gason an santi l lè jounen l kòmanse? Kijan ou fè konnen sa?
2. Poukisa pèleren yo pote tout sa yo bezwen nan bato a?
3. Idantifye pèsònaj ki nan istwa a ansanm ak ki kote istwa a dewoule?
4. Ki mo otè a itilize pou l dekri move tan an?
5. Poukisa ti gason an kwè lavi yon matlo se yon bèl vi?
6. Poukisa pèleren yo kite lakay yo pou vin fè vwayaj danjere sa a?
7. Kisa ti gason wè, tandè, santi abò bato a yo pa di nan istwa a?
8. Poukisa papa ti gason an di se pou nou jwenn yon kote anvan livè rive?
9. Poukisa otè a ajoute detay pou l di mwatye pèleren yo mouri?
10. Poukisa Endyen yo t ap veye pèleren yo? Endyen yo pale Anglè, kijan fè sa?
11. Kisa Endyen yo te montre pèleren yo fè?
12. Poukisa vwayajè yo pote semans avèk yo ?
13. Kijan ou ka konpare kòmansman istwa a ak fen an?
14. Poukisa otè a chwazi tit sa a pou istwa a?

Itilize tablo anba a pou diskite pati nan istwa a ak elèv yo.

Eleman	Reyèl	fiksyon
Pèsonaj		
Kote		
Evenman		
Dyalog		
Deskripsyon		

Èske ou panse pèleren yo te fè yon bon chwa kote yo bati ajoupa yo a? Esplike repons ou?

Wi	Non

Fè yon **kw**a sou tout sa pèleren yo te pote ak yo.



